

BAB III

TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN

3.1 Pengantar

Transkripsi ialah pengubahan bentuk wicara menjadi bentuk tertulis, biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi atau fonem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1982:170). Dengan istilah ini kita maksudkan pencatatan sebagai data linguistik semua yang dikatakan oleh informan dalam bahasanya sendiri.

Transkripsi cerita wayang topeng JB mengikuti prinsip pemindahan secara setia artinya semua ucapan dalang, sinden dan anak wayang dipindahkan ke bentuk tulisan sehingga keadaan teks tidak jauh berbeda dengan rekaman. Untuk memudahkan pembaca memahami teks cerita wayang topeng JB, pada transkripsi ditambahkan unsur-unsur bahasa tulis seperti tanda baca dan huruf besar. Penambahan bahasa tulis dikarenakan seorang penutur asli yang naif dari suatu bahasa akan mengalami lebih banyak kesulitan mengulangi bagian ucapan yang tidak bertata bahasa bila dibandingkan dengan yang bertata bahasa (Samarin, 1988:190).

Konsekuensi prinsip pemindahan secara setia ialah kata-kata yang salah ucap, mengandung dialek setempat, salah menggunakan kata, dan lain-lain; ikut dipindahkan ke bentuk tulisan. Dalam upaya agar pembaca dapat memahami teks cerita wayang topeng JB, kata-kata tersebut dicatat dan diberi penjelasan seperlunya pada catatan transkripsi.

Teks cerita wayang topeng JB yang ditranskripsi berasal dari rekaman tanggal 28 Agustus 1999, di Dusun Ketawang, Desa Ngadilangkung, Kecamatan Kepanjen, Kabupaten Malang.

Untuk menyesuaikan diri dengan bentuk aslinya, teks cerita wayang topeng JB di dalam bentuk tulisan diatur sedemikian rupa, sehingga dibedakan bagian yang dilagukan dengan bagian naratif dan percakapan antara pelaku cerita. Untuk memberkan penjelasan lebih lanjut di dalam transkripsi digunakan istilah janturan dan suluk.

Janturan adalah cerita ki dalang yang diucapkan dengan iringan gamelan lirih-lirih ("sirepan"). Biasanya pada permulaan tiap adegan untuk melukiskan tempat, keadaannya dan suasananya, atau sifat-sifat tokoh peran yang tampil, pemuanya disampaikan dengan perumpamaan (Jw. "*pandyandra*") melalui kalimat-kalimat yang indah dan klise (Timoer, 1979/1980:43).

Sulukan merupakan lelagon yang dinyanyikan ki dalang, di luar itu masih terdapat lelagon jenis lain yang disebut "kidungan" yang dinyanyikan oleh tokoh peran (Timoer, 1979/1980:44). Di dalam wayang topeng, khususnya cerita wayang topeng JB, sulukan dinyanyikan oleh seorang sinden.

Untuk memudahkan mengutip teks cerita wayang topeng JB ditulis semacam penulisan naskah drama pada umumnya, tetapi ditambahkan yang setiap barisnya diberi tanda angka dengan kelipatan lima; sebagai berikut : 5, 10, 15, 20, 25 dan seterusnya. Angka ditempatkan di sebelah kanan naskah untuk memudahkan penganalisisan lebih lanjut.

3.1.1 Ejaan

Ejaan ialah penggambaran bunyi bahasa dengan kaidah tulis menulis yang distandarisasikan (Kridalaksana, 1982:38). Adapun sistem ejaan yang dipergunakan dalam transkripsi didasarkan pada Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa (Sudaryanto,1991).

3.1.2 Penerjemahan

Penerjemahan adalah pengalihan antar budaya dan atau antar bahasa dalam tuturan gramatikal dan leksikal dengan maksud efek atau wujud yang sedapat mungkin tetap dipertahankan (Kridalaksana, 1982:128). Penerjemah itu adalah seseorang yang menguasai bahasa sasaran itu sebagai bahasa kedua, fungsi utamanya adalah bertindak sebagai penghubung antara peneliti dengan informan yang sebenarnya (Samarin, 1988: 198).

Prinsip yang dianut dalam penerjemahan cerita wayang topeng JB dari bahasa Jawa ke bahasa Indonesia adalah pemindahan dengan memperhitungkan situasi dan kondisi bahasa penerima. Terjemahan kata tunggal harus dilakukan teliti sekali agar mengungkapkan arti sesuai dengan yang dimaksud oleh penutur asli; harus dihindari pemberian padanan kata dengan sinonim yang terlampau banyak (Samarin, 1988: 276). Berkaitan dengan gaya penceritaan, maka prinsip yang dianut ialah gaya prosa dipindahkan dengan memakai gaya prosa, dan gaya puisi dengan memakai gaya puisi. Hutomo (1993:20) menjelaskan bahwa, gaya prosa ialah gaya penceritaan yang tidak terikat oleh peraturan tertentu, misalnya

persuku-kataan, pembaitan, dan lain-lain, sedangkan gaya puisi ialah penceritaan yang memperhitungkan aturan-aturan tertentu.

3.2 Transkripsi Teks Cerita Wayang Topeng JB

Babak I

Sulukan :

Segan para rawuh kakung sedaya,
Mbok bilih wonten kalepatan kula,
Sarilayu kala nyumbaka dongeng.

Jarwa surya surya lumbeng ancala,
Srengge karsa mung nadya nyumurupana.

5

La lela lela la lela sedyanana,
Sedyanana ja lali marang sira,
Man eman eman eman man eman duh eman.

Sembah kalbu yen lumintu dadia laku,
Mamrih ayu ayem tentrem kang tinemu.

10

Dewa tirta wantahe awungu nendra,
Pra taruna panggah lelabuh negara.

Barat sirat pasewahan jro nayaka,
Yen kapusus ing dria manganti sira.

Joget pura dating ranti mbesa,
Isih muda muda setya lan utama.

15

Ma rama rama rama ungguling yudha,
Senes durung ngaskara.

Janggah wuri emas jingga saupama,
Aja mundur mra wasa angkara murka.

20

Witing klapa klapa kang maksih mudha,
Salugune wong mardi pikir raharja.

Barat madya Sri Maha Prabu Pancala,
Man eman eman eman gung kepingin,
Gung kepingin ngesti padha raja putra.

25

Masia pas ya mas ya mas,
Kones nenes negarane.

**Kawis pita kan lata taring toya,
Aja awus den sumarah mring hyang sukma.**

Slendang biru slendang biru. 30

**Manis rengga satriya ing lisan pura,
Setyanana yen lalia marang sira.**

**Tirta maya supama anyar kinarya ninging ndria,
Tana lali marang sira.**

**Kala rekta satriya ngungkuli jaya, 35
Sun bang-ebang Amisesa jroning pura.**

**La lela lela lela lela,
Kudu eling lan waspada.**

**Barat sirat pasewakan jro nayaka,
Yen kapusus ing dria manganti sira. 40**

**Kukun tala kukun tala,
Kukun tala rawine kang ringgit purwa.
Ya bapakne dewe,**

Jarwa nendra,

Man eman eman eman.

45

Jarwa nendra nalendra yeka Ngalengka,

Rukun tresna dadia srana junjung praja.

Ya bapakne dewe,

Roneng kacang roneng kacang,

Roneng kacang ya mas ya mas.

50

Jarwa surya jarwa surya,

La lela lela lela,

Surya lumebeng ancala.

Ma rama sedyanana,

Srenge karsa mung nadya nyumurupana.

55

Joget pura joget pura,

Joget pura slendang piranthi mbesa.

Dewa tirta wantahe awungu nendra,

Pra taruna rama panggah lelabuh negara.

Barat sirat pasewakan jro nayaka, 60
 Yen kapusus ing ndria manganti sira.

Man eman eman eman,
 Ing griya mangsuli slira.

Sekar pisang sekar pisang, pisang sesajine karya. 65
 Karya kula.

Kukut pala kukut pala,
 Kukut pala rawine kang ngaringgit purwa,
 Man emane dewe,
 Rawi ranyop rawi ranyop.

Janturan : Anenggih wonten cinarita dalang kanda nggoning 70
 kang kalenggah wonten siti hinggil kinatu rata, akarsa
 anggelar lampahansegar carita wonten terpanggung
 Kediri. Wong kersa jantera tanah sabrang, Plembang,
 Bugis nggih mapan pinarek mboten ing kaget nggih
 dukane cinarita. 75

Amangocapake ing negari Jenggala Manik, nggih
 negari Jenggola Putra. Dasar negari Jenggala Manik
 sampun kawestanan panjang kunjung pasir wikir loh
 jinawi gemah ripah karti kerta tata tur raharja.
 Panjang dawa pangucaping, kunjung luhur 80
 pangaribawaning, pasir samudra kene. Ing negaring
 ngukuraken pagunungan ngenengaken pesawahan
 gelaraken bandaran gede. Loh tulus kang sarwa
 tinandur, jinawi murah kang sarwa tinuku, gemah
 kang lumaku, kakang lorang kuda, rina pantangane 85
 wengi datan ana kendate lambet datan ana sangsaran
 margi. Dasar negara gedok, mripat lan jagate duwur,
 kukuse adoh kuncarane, kasungsum saking priya praja
 tan liyane negari kanan kiri senajan tanah sabrang
 kathah praja ingkang sami sumawita banda yudha 90
 amung priyanka priyan kautaman.

Sinten ta ingkang dampar keprabon. Negari Jenggala
 Manik wenang den ucapaken jejuluk Sang Maha
 Prabu Lembu Amiluhur. Kadeping miwa ingkang
 Paman Patih Brajanata, tan kantun ingkan putra 95
 Raden Kartolo saha Panji Pambelah dalah Panji
 Pamecut. Mewa ingkang rayit Rakena Patih

Kudanawarsa, suwaning kangka praja ing negari
 Jenggala Manik ingkang tebih sahman mangklung
 kang cedak sahma mantiun. Sahma ngrancangaken 100
 astaning ngangklungaken jangkare nengklengake
 karmane. Kersa badhe nyadong sabdane balane
 penintang Gusti Prabu Amiluhur nata negari Jenggala
 Manik, nggih negari Jenggala Putra.

Sang Nata Prabu Lembu Amiluhur wonten siti hinggil 105
 binartu rata praja negari Jenggala Manik ketingala
 balo-balo rambatane kembang gadung kaya den
 ronce-ronce, obor-obor mancung cinepeting.

Konan canarita, dalang kanda amung gelar negara
 dinarab bisa tutus dina dalu datan bisa tumuju. 110

Dalang kanda nggoneng damel cekaping kawenin
 anggening rom mrupaka gelaring praja negari
 Jenggala Manik. Mekaten toh wijining pangandika
 Sang Maha Prabu ingkang dereng kawedar ing lisan.

Wayangku gambar paesan. 115

- Sulukan :** Sembah kalbu sembah kalbu,sembah kalbu dadio laku.
Mamrih ayu mamrih ayu, ayem tentrem kang tinemu.
- Jantaran :** Nara pambu panggeling jagad, drajaknya pasanggabuwana, brigen ira rajeking wesi, pracik ira penangkaling bumi, blencongnya mira katon Sang Danupaya, lisa ira Sang Hyang Batara Bayu, cuba nira ususing tali rasa, urup ira Sang Batara Brahma, urup ira Sang Hyang Batara Surya. Oh..... 120
- Prabu Lembu Amiluhur :** Nuwun. Dereng sawetawis dangu rawuhipun Paman Patih Brajanata wonten siti hinggil binartu rata praja ing negari Jenggala Pura nggih Jenggala Manik. Kula ngaturaken pasegan para krami, Paman Patih pawantu-antu dateng pada paduka Paman Patih Braja, Paman. 125
- Patih Brajanata :** Elah dalah, yayi Prabu. Jeneng sira ngaturake pasegan para krama kalampun kakang baget insung trima gawe bungahe atiku, yayi. Ora liwat salam takwimipun kakang. Hei, benje tampanana yayi Prabu Lembu Amiluhur. Dhi, kadangipun kakang yayi. 130
- Prabu Lembu Amiluhur :** Paman. 135

- Patih Brajanata : Nggih.
- Prabu Lembu Amiluhur : Sampun kula tampi tangan kaleh dados bingaha manah kula, mboten kurang langkung paduka kemawon kula aturi pinarak lenggahing kang 140 langkung sekeca wonten siti hinggil binatu rata praja ing negari Jenggala Manik nggih negari Jenggala Putra.
- Patih Brajanata : Yayi kadangipun kakang, adi. Saka pemanggihipun kakang ora kurang prayuga anggonku lungguh ana 145 negara Jenggala Manik kene. Dene pun kakang duwe kaluputan, aku jumbung samudra pangaksami utawa jaluk sepura kelawan sira yayi.
- Prabu Lembu Amiluhur : Paman Patih, nggih. Sampun mboten dados awes, Paman. Paduka aturi dalem sawetawis jalaran kathah 150 warangka praja ingkang sami ngarak seb wonten ngarsa paduka, Paman Patih
- Patih Brajanata : Hinggih. Ya ya yayi, hiya. Ora lebet kang dadi aturmu, yayi.
- Prabu Lembu Amiluhur : Ngger, putraku Panji Pambelah. Sak tekanmu pada 155 pinaringan karaharjan, kulun Panji Pambelah.
- Panji Pambelah : Kanjeng Rama Dewa Aji, nggih. Angsal berkah pangestu panjenengan mboten wonten alangan setunggal punapa, Koko Prabu. MBoten langkun

- ingkang putra ngaturaken sungkeming pangabekti 160
dateng pada panjenengan, Rama.
- Prabu Lembu Amiluhur : Panji Pambelah, sira ngaturake pangabekti tak trima
bektimu kelawan aku ora liwat kunja pangestumu
genti tampanana.
- Panji Pambelah : Inggih. Sampun kula tadung asta kula dalem kaleh 165
gumarita dateng kulun, ya manah dadosaken jimat
ingkang malantu-antu, Rama
- Prabu Lembu Amiluhur : Ya, ya. Panji Pambelah tunggu kang prayuga, kulun.
- Panji Pambelah : Rama Prabu.
- Prabu Lembu Amiluhur : Nggih. 170
- Panji Pambelah : Sampun mboten kirang prayugaaken, kawula
mrayugaaken Rama.
- Prabu Lembu Amiluhur : Panji Pamecut, senjata sliramu semana uga pada
kanthi kabasuki sowan ana ngarsa panjenengan ingsun
ngger putraku Panji Pamecut. 175
- Panji Pamecut : Kanjeng Rama, ngge Rama angsal berkatahipun
paduka mboten paduka. MBoten anggeh anak gusti
dalem punapa. Rama, mboten langkung ingkang putra
ngaturaken sungkeming pangabekti nggih kunja
dateng praja panjenengan kanjeng Rama Dewa Ruci. 180
- Prabu Lembu Amiluhur : Panji Pamecut, ya lungguha kang prayuga ngger. Pun
rama durung bisa akantrah-kantrah.

- Panji Pamecut :** Rama, nggih saking pemanggihipun ingkang putra
mboten kirang sekeca anggen kula sekecakaken
sowan kula ing ngarsa paduka Kanjeng Rama Dewa 185
Ruci.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Ya ya ngger, iya. Paman Patih, Paman. Paman Patih
Kudanawarsa sirados sinawe adoh cedak sun
raketaken apa rah dadi butuh piyate jeneng sira duk
narika sira sunti bali marang seba rabi antaraning 190
ingsun Paman Patih Kudanawarsa, Paman.
- Patih Kudanawarsa :** O, alah. Ngger, anak prabu besan pun mboten wadah
utang, ngger. Kageting manah susuning kang talam
kunda sinandrek gelap tuna tinebaking lebar. Mangsa
lebar ompakna Semar gebyaring cangaring datan 195
wonten pigatos punapa paduka loring ingkang Paman
Patih Kudanawarsa, ngger anak prabu.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Paman Patih Kudanawarsa, paduka kemawon kula
aturi pinarak lenggah ingkang sekeca langkung
rumiyen kathah para putra ingkang sami seba wonten 200
siti hinggil binatu rata praja negara Jenggala Manik,
Paman.
- Patih Kudanawarsa :** O, lah dalah. Injih ngger, sampun mboten kirang
sekeca. Anakku Kartala senajan jeneng sira
kepenakna nggenmu lungguh sautara, Kartala. 205

- Raden Kartala : Wah, Bapak hia. Nggolek pamujimu kaya aku ora kepenak nggonku lungguh. Wis, aku ngaturake kaluputan nggih tampan Bapakku Lembu Amiluhur.
- Prabu Lembu Amiluhur : Ya, Kartala ya. Prayugakna ya ngger, sautara sowan ira. 210
- Raden Kartala : Ya, wis ora kurang prayuga anggonku sowan ana ngarsamu, Bapakku.
- Prabu Lembu Amiluhur : Paman Patih Brajanata, Paman. Sejatosisun paduka wonten siti hinggil binatu rata kula ajak rerembukan kawontenipun praja negari Jenggala Manik menapa inggih mangertosi menapa dereng, Paman Patih Brajanata. 215
- Patih Brajanata : E lah dalah, ha. Yayi Prabu kadangipun kakang, Dhi. Aku adoh saka kepatihan teka negara jenggala kene rumangsa heran rasane pikirku. Amarga aku niti negara Jenggala dalane kathon gasik, pagere kathon tarik-tarik, omahe jejel ora kaya negaraku, yayi. Ya ngene, dadi negaraku dadi tepa palupi lan tepa tuladane para kawula seng durung maju kaya nggonngonanku, yayi. O lah dalah, ha. Hem, ketok lek guyub ketok lek rukun. Ya, Dhi wong negara kene iki. 220 225

- Prabu Lembu Amiluhur :** Paman Patih, angsal berkah pangestu panjenengan sedaya para kawula sami ngemban sabda dawuh kula sedaya sami.
- Patih Brajanata :** Syukur Dhi, syukur. Kajabe sangka iku yayi, sira 230
nekakake pun kakang kene ana wigati apa ? Cuba ndang babarna marang Paman. Aku kepingin weruh apa wigatine negara sira bakal ngumpulake para wadya bala lan para putraa, Yayi.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Paman Patih Brajanata, senanipun negari Jenggala 235
Manik yuswa kula sampun sepuh bilih dinten menika kula bade seleh keprabon wonten ing praja Jenggala Manik. Ning wonten kaelokan sekedik putra kula samenika dereng wonten ngempal wonten praja negari Jenggala Manik. Mboten langkung umpama sedaya 240
putra sami ngempal kula saget paring dawuh tiwah para putra sedaya, Paman Patih Brajanata.
- Patih Brajanata :** O, lah dalah . Ha hem. Yayi Prabu, wis cumbuh rasaning atinipun Paman. Muga-muga putramu kabeh 245
ana sing napak tilas kelawan sliramu, bisa jumeneng nata ana ing negari Jenggala Manik kene, ya ngger. Ya, Dhi. Kula pun Paman pun medunga muga-muga anakmu ana sing bakal ngganteni palungguhanmu nang negara Jenggala Manik kene.



- Prabu Lembu Amiluhur :** Saking pamujine Paman Patih Kudanawarsa, nuwun. 250
Paman Patih Kudanawarsa, Paman.
- Patih Kudanawarsa :** Anak Prabu wonten pigatos punapa paduka wiji
dumateng ingkang Paman ?
- Prabu Lembu Amiluhur :** Dinten menika paduka kemawon kula aturi medal
angopadi putra kula pun Panji Asmarabangun ingkang 255
nendra saking praja negari Jenggala Manik.
- Patih Brajanata :** Oh. dados mekaten, Ngger.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Nggih.
- Patih Kudanawarsa :** Yen kados mekaten neng wengi kang Paman klewat
mbenjang menapa bidal angopadi putra kula pun Panji 260
Asmarabangun.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Paman Patih Kudanawarsa, sira enggala metua ngiras
pantes bubarna pasewan agung negara Jenggala
Manik.
- Patih Kudanawarsa :** Anak Prabu, nggih sampun mboten padawuh 265
panjenengan.

Babak II

- Janturan :** Kocap kacarita mangkana telas ngusanto Prabu
 Lembu Amiluhur kersa bibaraken pasowanan praja
 negara Jenggala Manik cengkar saking palagan kursi
 gading kencana sewang-sewanganing ingklang Paman 270
 Patih Brajanata. Sang Nata Prabu kersa nglebet
 dhateng kedhaton kedatulaya muji hormat kersane
 ingkang kuwasa Sang Nata Prabu.
- Sulukan :** Angawiti kidungan kula,
 Ya mas ya mas sore-sore. 275
- Suket teki kalamenta, gerinting nemen ijone.
 Dereng mesti tumut kula, dikiting kaya bojone.
- Aja enak copal-capilan, bok menawa capile rutuh.
 Aja enak jawal-jawila, bok menawa bojone weruh.
- Melik-melik damare pondok, tuku srabi gawe sayuran. 280
 Sih cilik wani wong wedok, ditarik klambi celinguran.
- Nang kali pundi dalane, sumur jero timbanana.

Rika rabi kapan dinane, dulur sing gak kandanana.

Ma rama rama rama joget pura.

Babak III

- Janturan :** Kocap kacarita ing ngriku sang nata Prabu Lembu 285
 Amiluhur kersa minggah dateng sanggar pranggatan
 meminta kalian jawata kanugrahaning Hyang Widi.
 Ing ngriku pramintaning sang Prabu Lembu
 Amiluhur. Sinten ingkang medal saking panguranjare
 kraton negari Jenggala Manik, namun Patih 290
 Kudanawarsa mewa ingkang putra panji pambelah
 dalah Panji Pamecut. Pratnaning Patih Kudanawarsa
 ngenggong sabda dawuhipun ingkang putra panji prabu
 Lembu Amiluhur. Mekaten toh wijining pangandika
 sang Patih Kudanawarsa. 295
- Patih Kudanawarsa :** Wow, lah dalah. Ngger, putraku Panji Pambelah
 kelawan Panji Pamecut cuba sira metua saka jabane
 kraton negara Jenggala, Ngger.
- Sulukan :** Ceritane, ceritane wong kang bingung,
 Rida-rida joget pura,joget pura wohe ranti ranti 300
 mbesa.
 Isih anom isih anom, kudu setyo lan utomo.

Manis rengga satriya ing Lisan Pura.

Eman aja nganti kangelan,

Rumik-rumik neladyo wongakang jroning,

305

Udeking wong nyambut gawe.

Aja lunga aja nglampra, sumber asin durung bayaran.

Aja ngira sak pada-pada, sugih miskin wis ganjaran.

Janturan :

Kumara sak marga-marga, tindaknya para wadya bala,

suraknya kadyah kawat barekne nethah tambur ira 310

kathon muni brang-brangan, tamburnya kathon muni

brang-brangan.

Panji Pamecut :

Oh. Paman Patih Kudanawarsa, Paman. Kula inggih

putra Panji Pamecut, kula badhe nusung kabar kados

pundi kabaripun Kanjeng Rama Dewa Ruci, Paman. 315

Panji Pambelah :

Paman, semaos kula inggih semanten ugi kula pun

peng ingkang putra Panji Pambelah nusung pawarta,

Paman.

Patih Kudanawarsa :

O, lah dalah. Ngger, putraku Panji Pambelah lan Panji

Pamecut. Anggonku sowan nang ngarsane Panji 320

Lembu Amiluhur, tocon negara Jenggala Manik.
 Kula atur ngenggon dawuhe ramaku dina iki aku
 diutus ngupadi sedulurmu si Panji Asmarabangun
 kang nendra saka negara Jenggala Manik. Dinih
 sliramu Panji Pambelah kelawan Panji Pamecut tak 325
 dawuhi sliramu nata utawa negara Jenggala Manik,
 aja nganti ana ngatepa parang muka saka liya negara.
 Mula ngger, sliramu sing ati-ati ana negara Jenggala
 pun Paman tak nggoleki kadangmu Panji
 Asmarabangun. 330

Panji Pamecut :

Paman Patih Kudanawarsa, mekaten yen kados
 mekaten kula namun mituhu dawuh panjenengan,
 Paman. Mangga menawi paduka badhe angupadi
 kakang mas Panji Asmarabangun, kula derekaken
 pangestu Paman. 335

Patih Kudanawarsa :

Ya ngger, ya. Karua sampun paman tak budal
 nggoleki Panji Asmarabangun ana dek papan
 padunungane Panji Asmarabangun. Panji Pambelah
 kelawan Panji Pamecut, sing ati-ati ngger sliramu ana
 negara Jenggala Manik. Tak golekane sing kadangmu. 340

Babak IV**Sulukun :****Awan-awan mega mendung, trenggiling amba sisike.****Tega nyawang ara tega nundung, iling-iling kabecikane.****Tuku klambi milih sutra, sing apik kaine bludru.****Ayo kanca bangun negara, sing rukun kelawan 345
bersatu.****Sekar tepus merambat ngisor, kiwa tengene sekar melati.****Dasar bagus tur andap asor, uga bela ibu pertiwi.****Gunung-gunung digawe sawah, kayak apa olehe 350
mbanyoni.****Durung-durung digawe salah, kayak napa olehe
nglakoni.****Turi-turi pena kulup, ketumbar runtuh nang lemah.****Dituturi pena sing nurut, diumbar gak saba omah. 355**

Poh kuweni putih gagange, Banyuwangi ngetan
parane.

Aja wani karo wong tuwane, sesat wani karo
pangerane.

Rimis-rimis ngunduh klapa, metik loro sak beluluke. 360

Nangis-nangis mikiri apa, liya dina karo kowe.

Ma rama liya dina karo kowe.

Anggur manis wowohan mentah, ngunduh loro lugure
lima.

Nek tandane pena sik cinta, liya dina sambangana. 365

La lela lela lela,

Liya dina sambangana.

Man eman duh eman eman eman.

Janturan :

Aaa....., sami kula karya dateng negari Jenggala
Manik narya tonatan, gantos ingkang dipun 370
cariyosaken. Pada dalange seje wayange, pada
wayange seje dalange. Negari pundi ingkang dipun
cariyosaken, namung negari Brancang Kencana.

Rasana rendra babad kutha. Sang nata Prabu rikala
 medal saking jawine kraton dijunjung sikile didukna 375
 celanane, wedal sabdal dewa dedeleh deleh brengose
 pating hadap dadi lempur. Tindake wong sabrang ren
 kadya nggorekaken bumi.

Sulukan :

Tanah jawa kondange tekan ing manca.
 Wiwit jamane ratu Brawijaya. 380
 Kadegdayane sekti mandra guna.
 Kabeh iku berkahe kang Maha Kuasa.

Caritane kawula karang pradesan.
 Ana satriya mlaku nganglang jagat.
 Mikul banyu wadah kranjang ora wucat. 385
 Watu item disujeni papat-papat.

Nadyan duwe kaluwihan ya jupriya.
 Kabeh manungsa mung saderma.
 Sinebut raden bagus nama nira.
 Sejatine sapu jagat nama nira. 390

- Prabu Klana Sewandhana : Yayi. Ayo pada metu jabane kraton, yayi. Kulaopun kakang dina iki sak yektine pancene gandrung kapingun.
- Demang Mones : Eh, Paman. Kurang sumane ayu Dewi Sekartaji, mula kabeh jok nganti kangelan wadya balaku. Becik titik nanoh seandane ing praja negara Rancang Kencana. 395
- Prabu Klana Sewandhana : Yayi yayi ha ha ah ah. Paman Demang, Paman Demang.
- Demang Mones : Nggih.
- Prabu Klana Sewandhana : Sing ati-ati ya ngger, sliramu nyambut gawe sing ati-ati, Demang. 400
- Demang Mones : Olah, nuwun.
- Prabu Klana Sewandhana : Yayi, adhinipun kadang. Patih Dandangan kadandang paku waja, dandang cemana, bedendang bedendang ayo pada suka pari suka. 405
- Demang Mones : Nggih.
- Prabu Klana Sewandhana : Metu negara Rancang Kencana. Keneh keneh keneh kabeh nak, keneh. Aku dina iki dangu kesuwen, nggih ayo pada diembarake, diketapake wadya bala Rancang Kencana, Demang. He he hadow blah blah blah, ayo yayi derekna tindakipun kakang. Ho ho ho wah wah lo lo lo ampun ha ha ha he, aja mengger mengger nggih. 410

- Demang Mones : O alah, nuwun.
- Prabu Klana Sewandhana : Aku nurutake marang kangpat yo Dek, bentrok yo 415
Dek, yo.
- Demang Mones : O alah ngger, mangga-mangga.
- Prabu Klana Sewandhana : Yo, dek. Demang, Paman Demang, Paman Demang.
- Demang Mones : O alah, Den. Wonten napa, nuwun ? Wonten napa,
nuwun ? 420
- Prabu Klana Sewandhana : Ngene, Dek. Demang, mangertenana sliramu dina iki
dibutuhake ditekakake menyang desa Ngadilangkung,
isun ngertio. Paman, iku karebe nalika kareb Mas
Juma'ali nang Kedungmonggo metuki mBah Karimun
dino iki, sepisanan kakang Demang. Topeng 425
Kedungmonggo ana ing Ngadilangkung Kecamatan
Kepanjen.
- Demang Mones : O alah, inggih.
- Prabu Klana Sewandhana : Yo, aku eram banget dina iki. Aku eram banget lek
delok suwasana-suwasana ing Desa Ngadilangkung. 430
Nyatane nglumpuke, saking guyube.
- Demang Mones : Nggih, nggih nDoro.
- Prabu Klana Sewandhana : Amargi punapa ? Jalaran manungsa iku yen mboten
nglumpuk mboten guyub iku jenenge anake wong
tukul. Sak niki mekaten, Bapak Karimun ditekakake 435
gawe ngguyubaken.

- Demang Mones : Dados ngaten, topeng Kedungmonggo digelar kajage ngguyubaken.
- Prabu Klana Sewandhana : Ya, Dek. Aku matur nuwun sak kaluwarga Asmarabangun, muga-muga liya dina tahun maneh 440
pirang tahun besuk ditekakna ing Desa Ngadilangkung.
- Demang Mones : Ya, muga-muga mawon.
- Prabu Klana Sewandhana : Saiki ngene seje sing tak rembuk seje sing tak omong.
- Demang Mones : Wonten napa ? 445
- Prabu Klana Sewandhana : Ngene, Dek. Aku dina iki gandrung kapingun karo Dewi Sekartaji. Dewi Sekartaji garwane Panji Asmarabangun, kang dina iki lengser ana kaputren Gunungsari, ana ing kaputren Tambangbaya. Dina iki tak pinta-pintao, Dewi sekartaji besuk dadi garwaku 450
Prabu Klana Sewandhono, yok apa carane ?
- Demang Mones : Angel-angel, sing kagungan garwa kaya panjenengan niku malah salah lakune. Salah tingkah nggeh mboten bender kangge jaman sak iki. Wong sing bujang 455
kathah, sing prawan nggih kathah lah kok bojone wong.
- Prabu Klana Sewandhana : Ora peduli, Demang. Nyatane aku mulai biyen cilik Sekartaji wis dadi garwaku, nggih ngerti Demang ?

- Demang Mones : Nggih, sampun ngertos. 460
- Prabu Klana Sewandhana : Ngene, Dek. Kapan aku bisa dados krama ambek
Sekartaji, engkok tak kudang.
- Demang Mones : Lek engken, lek dikudang mawon kapan olehe
Sekartaji.
- Prabu Klana Sewandhono : Tak kudang, ya Dek. Dina iki tak kudang, ya dek. 465
Sekartaji lek sore tak kudang.
Lek sore, Sekartaji tak kudang ula klisi, rambatane
kayu jati.
Lek menduwur soko pipi, lek menisor, Demang ?
Saka driji, ya Dek. 470
- Demang Mones : Waduh-waduh, nuwun. Enak-enak lek ngudang
penak. Sekartaji tak kudang ul klisi rambatane kayu
jati, iki lek sore.
- Prabu Klana Sewandhna : Sing kaping pinda Dek, ya Demang.
Sekartaji tak kudang ula kayu, rambatane kayu jambu. 475
Nang nduwur nyokot untu, lek menisor, nyokot ?
- Demang Mones : Pun-pun galak gacong, pun.
- Prabu Klana Sewandhana : Ya, Dek. Lek terakhir,
Sekartaji tak kudang ula luwuk, rambatane kayu
jeruk. 480
Menduwur nyokot batuk, lek menisor ora nyokot,
Demang.

- Demang Mones : Aduh. O alah, nuwun. Lek menduwur nyokot bathuk, lek menisor aja nyokot. Mboten, salah pada kara karebe. 485
- Prabu Klana Sewandhana : Nek nyokot ora bener. Sebab apa ? Nek nyokot menisor kabeh penonton bubar. Mboten napa-napa, niku nek nyokot.
- Demang Mones : Nyokot mawon.
- Prabu Klana Sewandhana : Ora nyokot, Demang. Ngene Dek tak cokotna, ya Dek. 490
- Demang mones : Mangga samen cokotaken mawon.
- Prabu Klana Sewandhana : Nyokot dengkul, demang.
- Demang Mones : Nggih.
- Prabu Klana Sewandhana : Sak niki ngene, Demang. Aku mboyong Sekartaji, aku tak budal menyang kraton negara Jenggala Manik nguptapna para wadya bala Jenggala Manik. 495
- Demang mones : Lah inggih, nuwun. Mekaten panjenengan punapa badhe tindak wonten negari Jenggala Manik.
- Prabu Klana Sewandhana : Ngene, Dek. Ora isuk, ora sore. Dina iki dinane bener arep tindak menyang Jenggolo Manik. Ayo Demang, para wadya bala ngiring lakuku ana mburi. 500
- Demang Mones : Inggih, kula turutaken.
- Prabu Klana Sewandhana : Para wadya bala Jenggala Manik aja kaget ana aku kang teka ana ing dedalan. 505

Sulukan :

Ceritane wanodya ra para,

La lela lela lela,

Rama rama ana pria, pria nggo ngancani putra.

Duh eman duh eman,

Wong enom wit kangelan.

510

Lali-lali yen lali sun ilingna.

Rama rama rama ilingna.

Suket teki kalamenta, gerinting nemen ijone.

Dereng mesti tumut kula, dikiting kaya bojone.

Aja sampek jawal-jawilan,

515

Lela lela lela,

Kukun pala, paringana jamu gunung kang sinadya,

**Cah cilik dolan dewe, neng omah sapa rewange, ya
mas ya mas.**

Rama rama rama nyepura.

520

**Nandur gedhang nang pinggir kali, kepingin weruh
godong klarase.**

Direwangi mangan kurang turu lali, kepingin weruh
seger warase.

Kepingin weruh seger warase.

525

Jantaran :

Salamuna salamuni mira kathon teja mlowoh, duduk
teja praolo – olo. Tejanya sang Prabu Sewandhana
saka negara Rancang Kencana.

Prabu Klana Sewandhana: He lah dalah, ha .Babu-babu donyaku bandaku,

bandaku donyaku. Mas picis semala inten darbe. He,

530

lah dalah. Yayi, kadangipun kakang, Dimas Rangga

Sengara sak tekanmu sunti bale ana alun-alun

Rancang Kencana. Ngerti kang dadi semedianipun

kakang yayi Rangga Sengaraa, kadangu yayi Rangga

Sengara.

535

Rangga Sengara :

Koko prabu padukane maring yayi, wonten pigatos

punapa ? Ngantos nguntapaken para wadya bala

saking kraton negari Rancang Kencana, Koko Prabu.

Prabu Klana Sewandhana : He, lah dalah. Yayi, sliramu tak kandanana kaya

bocah cilik, tak tuturana kaya bocah durung ngerteni.

540

Karmane sira kabeh ora tak arani siji lan sijine sira

sunti bale aku gandrung kapingun kara Galuh

- Candra Kirana, ya Dewi Sekartaji. Besuk kapan aku katurutan dawuh kara gusmaning ayu Dewi Sekartaji, Dhi. Kaya ora betah rasaning ngebet brantaning atiku, adiku Rangga Sengara-Rangga Sengara. 545
- Demang Mones : Wah, nuwun. Pun tah nuwun, mangga wangsul mawon. Wah, niki rasane mboten penak.
- Prabu Klana Sewandhana : Paman Demang !
- Demang Mones : Nggih. 550
- Prabu Klana Sewandhana : Karepmu iki kaya apa ? Aku sing tak idam-idam gak ana maneh Galuh Candra Kirana ya dewi Sekartaji, Demang. Nyatane para wadya bala tak kumpulake, tak kon ngluntakake aku nang kraton negara Jenggala Manik, kok sliramu banjur ngajak bali. Iki karepmu apa ? 555
- Demang Mones : Nuwun, pun tah nuwun. Enten paunen-unen menika la, nuwun. MBoten kurang sega mboten kurang ketan, wakul dijumuk dikurepna. MBoten kurang sing rondo mboten kurang sing prawan , la sing duwe bojo kok dikurepna. La niku, nuwun. 560
- Prabu Klana Sewandhana : He, lah dalah. Hem, wong ora pati jawa sliramu Demang. Yayi Rangga Sengara, wis ora kakean werna ora kakean cerita. Ayo, ngluntakna pun kakang nang negara Jenggala. 565

Sulukan :

Kukun pala rawine kang ringgit purwa,

La lela lela lela,

Ya mas ya mas,

Witing klapa klapa masih mudha,

Salugune wong mardi pikir raharja.

570

Barat madya Sri Maha Prabu Pancala,

Gung kepingin ngseti pada raja putra.

Jarwa nendra nalendra yaksa Ngalengka,

Rukun tresna dadya sarana junjung praja.

La lela lela lela,

Ya mas ya mas ya mas.

575

Babak V**Janturan :**

Kacarita mangkana, ramene dak ira para wadya bala saking negari Rancang Kencana. Menika wanut titiane para wadya bala ana kang nitih turangga, kang nitih joli cempuna, kang nitih kreta kencana. Senajan 580 caroko galangane dewe-dewe.

Ing ngriki taksih kelampahipun para wadya bala saking negari Rancang Kencana, namun Rekena Patih Jayistika miwa ingkang abdi Mones anggenira angopadi ingkang Rama Prabu Klana Sewandhana 585 wonten ing negari Rancang Kencana.

Wo gotal gatul wulung pecok amoh gubuk kang suwung. Wo kowat kawut nulatana nulatana nulatana marga kang sunya. Marga dalan, sunya kenya suwung. Sunya kenya suwung. Nulatana marga kang 590 suwung, kanggo liwate rawa wong lunga tapa.

Kocap kacarita ing ngriki, Rakena Patih Jayistika ingkang wonten pertamanan negara Rancang Kencana. Tindake rasape tak mengosape tak kendel

yen cinandra saking mandara pinda kalung nogoing 595
wong wewanti tindak ira.

Sulukan :

Rujak cengkir, gelali diwadahi cangkir.
Aja mikir aja mikir, ngandani wong ora mikir.

Rujak degan ya mas, rujake wanita legan.
Aja sungkan aja sungkan, gotong royong gandeng 600
tangan.

Man eman eman eman ,
Emano ora keduman.

Rujak nangka rujak nangka, ya mas ya mas,
Rujake para sarjana. 605
Aja ngaya aja ngaya, iman lestari widodo.

Witing kelapa, kelapa kang madep ngulon.
Salugune salugune, wong mati mlebu swarga.

Rama rama rama rama.

Wis wayahe parah esuk, munine manuk pating 610
kemrusuk.

Golek ngilmu sing nganti kepetuk, gawe sangu lek
tuwa mbesuk.

Bang bang wetan wis rahina, surya munjuk madangi
dunya. 615

Aja turu sak bendina, drajat ilang rejeki lunga.

Kembang mlati kembang kenan, didekek nok pinggir
sumur.

Amiwiti kidungan kula, seni budaya Jawa Timur.

La lela lela, 620

Mlebu dewe sing diemong.

Ngestuna negarane kones nenes negarane.

Eman eman eman eman eman

Ma rama elinga eling wanita utama

Nandur pari cumak sak uli, ditandur dadi sak ronce. 625

Nyambut gawe sing ati-ati, gampang gangsor golek
rejeki.

Kuntul wulung pating telemong.

Kuntul wulung pating telemong, pesisir kidule
tambak. 630

Kula ngidung kanggo pasemon, ayo dipikir sajroning
awak.

Ya mas ya mas dipikir sajroning awak,

Gantenana,

Aja lali karo rumah tanggane. 635

Dituturi pena sing nurut.

Patih Jayistika :

Paman Demang, Paman Demang. Paman kacang thulu
Man, ha ha ha. Man kene majua, man. Man kene
majua ha ha ha. Man, paman kacang dulu, majua
Man. 640

Demang Mones :

Koen iki wonten napa sih, sajake kok liyane bengak
bengok mawon. Niki lho panjenengan nimbali ingkang
abdi wonten napa se Den, Den gusti kitha Patih
Jayistika, Den.

Patih Jayistika :

We lah dalah Paman, Paman. Sira sunti balika kabeh 645
antaraku wis ngerti sing dadi karepku nggih. Ha ha

- ha, aku wis weruh ngene. Pada ngguyu kabeh, wah
guyub tenan atine.
- Demang Mones: Nuwun. Dados pundi niki , nuwun.
- Patih Jayistika: Kene, Paman Demang. Aku ngampun sabda dawuhe 650
gustimu Prabu Sewandana. Dina iki tindak menyang
negara Jenggala Manik.
- Demang Mones : Nggih.
- Patih Jayistika : Arep mikir ya semaning Dewi , Dewi Sekartaji ya
Galuh Candra Kirana . Ha ha ha, mendah yen dadi 655
bojone tenan ya.
- Demang Mones : Nggih.
- Patih Jayistika : Wong kok ora duwe sebut.
- Demang Mones : Pun, pun guyu mawon. Sak niki sampean jelesaken
karepe dos pundi ngoten. Mangga lek ndang budhal, 660
budhal. Lak mboten, nggih mboten.
- Patih Jayistika : We lah, ha ha. Panjake sik padha mangan, kate tak
jak budhal gugup mengka ora sida mangan. Who, yen
kaya mangkana he ayo wektune ki sek dawa ndang
nututi gustimu. 665
- Demang Mones : Yok nggih, nggih.
- Sulukan : Suten nendra prajane Sri Bumantara,
Sun watara lamun sira darbe tresna.

Teja tirta atmaja nata Rahwana,

Kuku wunge , karya rujite wardaya.

670

Rama rama,

Karya Rujite wardaya.

Janturan:

Kocap kacarita ing ngriku, lepas tindake Rekena Patih

Jayistika ingkang semedia ngitir lampahipun ingkang

rata Prabu Sewandhana, ingkang tindak dateng negari

675

Jenggala. Ten ngriku taksih nglampahipun Rikyana

Patih Jayastika miwa ingkang abdi kacang thulu. Ing

ngriku badhe damel pasugatan ingkang damel

selinganipun ringgit topeng dinten menika, kula

kiyambak taksih dereng mangertos. Dados kajegan

680

pun kados pundi kersanipun. Ing ngriku sak kasih

angancetawis Rikeno Patih Jayistika, ing ngriku

praptanipun para wadya bala nyuwun gending ijo-ijo.

Sulukan :

Jangkah wuri emas jingga saupama.

Ya bapakne tole.

685

Aja mundur aja mundur,

Kekasih ojo mundur.

Mrawasa angkara murka.

Lela lela lela lela,

La lela sedyanana,

Witing klapa kang masih mudo.

690

Ya tepak bapakne dewe,

Ya bapak masih muda.

Babak VI

- Jantaran :** **Permita kadya jak ka kelawan maningal baya bumi**
injakna para wadya bala soraknya kadya ampuh 695
bedelnya saeba braja kadya butul-butula.
- Sulukan :** **Awan-awan mega mendung, trenggiling amba sisike.**
Tega nyawang ra tega nundung, ya mas ya mas,
Eling-eling kabecikane.
- Turi-turi pena kulup, kadung karep ana omah, ya mas** 700
ya mas.
- Dituturi pena gak nurut, diumbar ora saba omah, ya**
mas ya mas.
- Lela lela lela,**
Setya kula setya kula,
Rama rama. 705
- Ditutupi priyaka kula, badan siji diajak dika.**
Ngalor ngidul ngalor, ngalor ngidul ngalor.
- Ya mas ya mas setyanana setyanana.**

Ngalor ngidul ngalor, ngalor ngidul ngalor.

- Raden Gunungsari : Paman Patrajaya, Paman. 710
- Patrajaya : Wah nuwun dawuh, Den.
- Raden Gunungsari : Sawise jeneng sira jejogetan ana satengahe wana, kepriye rasane atimu, Paman Patrajaya ?
- Patrajaya : O. alah. Ati kula seneng, nyatane tiyang mriki masia krisis moneter ijik jejogetan. 715
- Raden Gunungsari : Oh. Dadi kaya mangkana, Paman Patrajaya. Ya, muga-muga Paman Patrajaya kawula kene kabeh dijunjunga drajate dikacelna sepadane kara sing Maha Kuasa, ya Paman Patrajaya.
- Patrajaya : Nggih. 720
- Raden Gunungsari : Sawise jeneng sira tak ajak jejogetan, ngerti kang dadi karepku apa ta sejatine ora, Paman Patrajaya ?
- Patrajaya : Wah , la piye ?
- Raden Gunungsari : Yen wis jeneng sira ora mengerteni, Paman Patrajaya. Aku krungu tembang rowat-rowat rombongan bakul sinambi wara gegere wong liwat marga. Menawa dina iki negara Jenggala Manik bakal ngedekake sayembara umbul-umbul wadya pura, Paman. 725
- Patrajaya : Oh. Raja Jenggala Manik ngedekake umbul-umbul ?

- Raden Gunungsari :** Ya, Paman. 730
- Patrajaya :** Iku tandane apa ?
- Raden Gunungsari :** Yen sapa bakal jabut, disengkakake nganggur didadekake ratu ana negara Jenggala Manik minangka gantine Prabu Lembu amiluhur, Paman Patra.
- Patrajaya :** Oh, sak niki sampeyan kajenge napa ? 735
- Raden Gunungsari :** Paman Patrajaya, aku nang negara Jenggala Manik ora bakal laku, bakal melu ngleboni sayembara iki, ora. Aku kepingin nonton sapa kang bisa jebol umbul-umbul madya purwan lan sapa kang bisa dadi ratu nong negara Jenggala Manik. 740
- Patrajaya :** Oh, ngono kang dadi kekepanmu ?
- Raden Gunungsari :** Ya, Paman. Saiki, Paman Patrajaya, njauk tembang. Platenana setengahe wana, aya pada budal menyang negara Jenggala Manik.

Babak VII

- Janturan :** Byar padang raina liyanira tanpa usada, mulya nira 745
tanpa usada.
- Kocap kacarita ing ngriki, Raden Gunungsari kang sekeja badhe tindak dateng negari Jenggala Manik. Kang purpaka lampahipun Raden GunungSari nggih mapan pinarunggut. Namun Panji Asmarabangun 750 mewah Jarodeh kaliyan Prasanta anggana angopadi pamundutipun ingkang garwa. Kesasar wonten guwa Mangleng nggone jin lelembut, wonten mriku.
- Jin Dandaran :** We lah dalah, Dhi. Kabeh para lelembut kang ana sak jerone guwa Mangleng kene, sing ati-ati ya Dhi. 755 Kadangipun kakang, yayi.
- Walang Dewa :** Oh, kakang mas. Nggih, kakang mas.
- Wadal Dewa :** Wah, kakang mas. Kados pundi, kakang mas ?
- Gajah Aboh :** Lah nggih, kakang mas. Kadosa pundi kakang mas ? Hawane guwa Mangleng kok panas ngeten. Niki 760 wonten napa nggih kakang ?
- Jin Dandaran :** Lah dalah, iki bakal ana apa sak jerone guwa Mangleng kok panase kaya ngene ?

- Asmarabangun :** Jarodeh, iki abane apa Jarodeh ?
- Jarodeh :** Weh. Kula aturi ati-ati, nggih salebete guwa 765
Mangleng, Ngger.
- Janturan :** Wong apes tanpa semaya, wong lena margane kena.
Kesandung jaman kang rata, kesrimpet dalan kang
padang.
- Jin Dandaran :** He, lah dalah. Mangku-mangku teja-teja sulaksana 770
tejane wong anyar kabeh. Ilang tejane titas kawuni,
ngawujud satriya bagus. Sapa namamu, Gus ? Aku
melu takon marang kaya apa sliramu ?
- Panji Asmarabangun :** Yen sliramu ora ngerti kelawan aku Panji
Asmarabangun. Iki negara. Lek negara, negara. Lek 775
Padepokan, padepokan. Lan sapa pracinganmu ?
- Jin Dandaran :** Oh, lah dalah. Lek sliramu takon lek iki diarani guwa
Mangleng. Aku Rikya Kala Jin Dandaran, aku.
- Panji Asmarabangun :** Rikya Kala Jin Dandaran kang dandaran iki kabeh
bangsa lembut kang ana sak dewene guwa 780
Mangleng.
- Jin Dandaran :** Oh, lah dalah. Sapa kasliramu Panji Asmarabangun,
tujuanmu nang guwa Mangleng kene ana tujuan apa ?
Panji Asmarabangun.

- Panji Asmarabangun :** Jin Dandaran, dadekna kawelinganmu. Aku mlebu sak jerone guwa Mangleng kene aku mung bakal nggoleki panuwune garwaku Galuh Candrakirana ya Dewi Sekartaji. 785
- Jin Dandaran :** Oh, jaluk apa ?
- Panji Asmarabangun :** Garwaku jaluk pitik tulak jengger dlima tupung. 790
- Jin Dandaran :** Yen pitik tulak jengger dlima tupung, ana. Pancen guwa Mangleng kene panggnane, Panji Asmarabangun. Lek sliramu butuhake pitik tulak jengger dlima tupung ora tak paringake. Dina iki balika mumpung durung dadi patimu. 795
- Panji Asmarabangun :** Jin Dandaran , aku ora bakal bali menyang negara Jenggala Manik. Waton aku ora bareng karo pitik tulak jengger dlima tupung.
- Jin Dandaran :** Oh, Panji Asmarabangun. Wani karo aku, wong kaya jiwamu. 800
- Panji Asmarabangun :** La ya apamu sing tak wedeni. Ora ngerti kridane para jin, adoh sanak cedak sawut bom meletup mawut bandamu bingung kang kuciwa tanding karo aku nandi parane.
- Jin Dandaran :** E, lah dalah. Panji Asmarabangun. 805

Babak VIII

- Prabu Lembu Amiluhur :** Rama Panembahan, Rama.
- Begawan Kili Suci :** Ngger, anak Prabu Lembu amiluhur. Apa kok banjur bali marang pendapa ? Aku Begawan Kili Suci, Prabu Lembu Amiluhur.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Rama Panembahan, nggih. Paduka kula aturi pinarak wonten negari Jenggala Manik. Kula bade seleh keprabon mewah putra kula pun Panji Asmarabangun, nanging Panji Asmarabangun taksih minangkaning pamundutipun ingkang garwa Dewi Sekartaji, Rama.
- Begawan Kili Suci :** Ya Prabu Lembu Amiluhur, hiya. Yen mangkono tak enteni putraku si Panji Asmarabangun sepira lan kaya apa kang dadi keputusanku, Kakang Brajanata. 815
- Prabu Lembu Amiluhur :** Inggih.
- Begawan Kili Suci :** Mengko, Panji Asmarabangun cuba lan garwane boyong apa ana negara kene ? 820
- Prabu Lembu Amiluhur :** Wah, sang Panembahan. Yen kados ngaten kula namung mituhu dawuh panjenengan.
- Janturan :** Praptaning Panji Asmarabangun sak garwa. Lepasing sambikala katurutana kang slira sumadya lampahira putra Jenggala. 825

- Begawan Kili Suci :** Mula iki tak wehi pada ragate nganggo luput kaya putraku Panji Asmarabangun.
- Panji Asmarabangun :** Kulun, Kanjeng Rama. Nggih sampun mboten kadawuh panjenengan, Rama.
- Begawan Kili Suci :** Usana kaya apa anggenmu nolong pitik tulak jengger dlima tupung ? 830
- Panji Asmarabangun :** Kanjeng Rama. Angsal berkah pangestu panjenengan, meniko sampun kasembadan sareng garwa kula pun Dewi Sekartaji.
- Begawan Kili Suci :** Sekartaji. Pada slamet, ngger. 835
- Dewi Sekartaji :** Kanjeng Rama Prabu, nggih sampun mboten padawuhan panjenengan. Kula boten manggen alang-alang setunggal punapa.
- Begawan Kili Suci :** Syukur, Sekartaji. Syukur. He, Asmarabangun.
- Panji Asmarabangun :** Sang Panembahan, wonten punapa ? Paduka dawuh kaleh. 840
- Begawan Kili Suci :** La, hiyo. Iki sliramu bakal Dewi Sekartaji kok banjur garwamu nuwun pitik tulak jengger dlima tupung, iki mengko wigatine apa, Sekartaji ? Matura karepmu.
- Dewi Sekartaji :** Duh, sang Panembahan. Sampun mboten lepat dawuh panjenengan menawi kula nuwun pitik tulak jengger dlima tupung menawi kangge sarana kula kundur 845

- dateng praja negari Jenggala, sepindah. Kaping kaleh,
minangka kangge tumbalipun negari Jenggala Manik,
sang Panembahan mekaten sageta kula. 850
- Begawan Kili Suci : E, lah dalah. Sekartaji kok bangkit pranggaitanmu
senajan sliramu wanodya. Tegese wong wadon kok
pinter batinmu, Ngger. Panji Asmarabangun, endi
wujude pitik tulak jengger dlima tupung paringna aku,
Ngger. 855
- Panji Asmarabangun : Sang Panembahan, mangga panjenengan asta.
- Begawan Kili Suci : Ya ya, oh. Iki toh pitik tulak ?
- Panji Asmarabangun : Nuwun, inggih.
- Begawan Kili Suci : Prabu Lembu Amiluhur.
- Prabu Lembu Amiluhur : Sang Panembahan. Wonten wigati menapa, sang 860
Panembahan ?
- Begawan Kili Suci : Iki dina putramu Panji Asmarabangun tak sira
dadekake ratu wonten negari Jenggala Manik. Pitik iki
bakal tak sembelih minangka kangge tumbale praja
supaya putramu dadi ratu tentrem kaleh ungrubeda, 865
uga katurutana sing disuja.
- Prabu Lembu Amiluhur : Sang Panembahan. Kula namung ngestuhaken dawuh
panjenengan, sang Panembahan Kili Suci.

- Begawan Kili Suci :** Ya. Yen kaya mangkono Asmarabangun dina iki sliramu tak dadekake ratu ana negara Jenggala Manik. Pitik iki bakal tak sembelih. 870
- Panji Asmarabangun :** Sang Panembahan, nggih. Yen kados mekaten kula namung mituhu dawah panjenengan.
- Begawan Kili Suci :** Panji Pambelah, gocekana pitik iki tak sembelih, Panji Pambelah. 875
- Panji Pambelah :** Nuwun. Inggih, sang Panembahan.
- Janturan :** Kocap kacarita ing ngriku, sang Panembahan Kili Suci arso manggas ayam wonten ing alun-alun Jenggala Manik minangka kangge sarana Panji Asmarabangun jumeneng nata wonten ing praja negari Jenggala Manik. Mungguhing kalising sambikala anggengerung Panji Asmarabangun jumeneng nata wonten ing praja Jenggala Manik. Ayam tulak walik jengger dlima tupung kepragat tiwas sang Begawan. Ical tanpa sarana samangke. 885
- Begawan Kili Suci :** Prabu Lembu Amiluhur.
- Prabu Lembu Amiluhur :** Sang Panembahan, wonten menapa ?

- Begawan Kili Suci :** Lan Panji Asmarabangun lan Dewi Sekartaji, Brajanata, Panji Pambelah, lan Panji kabeh sing wis pada ngumpul ana negara Jenggala kene. 890
- Prabu Lembu Amiluhur :** Nggih, sang Panembahan.
- Panji Pambelah :** Nggih, sang Panembahan.
- Begawan Kili Suci :** Pitik sawise tak sembelih, dina iki minangka kangge metri marang si Panji Asmarabangun ngabuli niate Panji Asmarabangun. 895
- Prabu Lembu Amiluhur :** Sang Panembahan. Yen kados mekaten kula amung dawuh panjenengan, sang Panembahan.
- Begawan Kili Suci :** Mulo kabeh, para kawula nok negara Jenggala Manik seksenana dina iki Panji Asmarabangun tak winisuda jumeneng nata ana negara Jenggala Manik. Muga, 900
kawisana sambikala uga mangging kanugraha dina iki Panji Asmarabangun sira bakal tak jumeneng nata ana negara Jenggala Manik.
- Panji Asmarabangun :** Sang Panembahan, kula nuwun tambahan pangestu sang Panembahan. Kula dados nalendra wonten 905
negari Jenggala mboten wonten alangan setunggal menapa-menapa, sang Panembahan.
- Begawan Kili Suci :** Ya, Panji Asmarabangun. Ning aku meling sliramu aja nganti lali. Ayo pada leremana sak jerone praja negara Jenggala meminta kara jawata. 910

- Panji Asmarabangun :** Sang Panembahan, mangga kula derekaken.
- Prabu Lembu Amiluur :** Sang Panembahan. Mangga kula derekaken, sang Panembahan.
- Suluk :** Sayektine reksa ing muda kawula.
La lela lela. 915
- Wis wisuda raja putra, ya mas ya mas,
Ngestu praja raja muda, ya mas ya mas.
- Janturan :** Mintaraga mangga wangsula pinanjaran pinanggih wingking, pinanjaran pinanggih wingking.
Kocap kacarita ing ngriku, sampun cekap anggen 920
kawula ringgitan topeng kang kapundutaken Panji Asmarabangun jumeneng nata wonten praja negara Jenggala Manik. Sak menika ringgit kawula bubaraken. Bilih wonten kalepatan anggen kula crita mewas sak konco ingkang sami wonten dusun mriki 925
mboten langkung kula nyuwun gonge samodra pangeksami.
- Dalang kanda nggone purna desinganira pun arane purwa desinga kawitran lan desinganira pungkasane

pungkasan. Kula kalih dalang wonten dusun 930
 Ketawang mriki mungguhing supe dateng kang
 kagungan kajat mewah praja kawula ingkang wonten
 Kediri dusun Ketawang mriki. Pun caosi danyang sak
 menika ringgit kula bobaraken. Sampun wonten
 ingkang kanton wonten terpanggung Kediri dusun 935
 Ketawang mriki. Mungguhing supe kang kagungan
 kajat mewah para kawula ingkang wonten dusun
 Ketyawang mriki katurutana ingkang dados. Didohna
 bilahine, divedakna rejekine, dijunjung drajate. Sak
 niki terus dek kene terus tentrem ayem margia raharja 940
 salami lamiya.

3.3 Catatan Transkripsi

Di bawah ini dimuat kata-kata yang salah dalam pengucapan, pemilihan kata, dialek maupun kata-kata sulit dalam teks cerita wayang topeng JB. Pemilihan kata-kata ini dilanjutkan dengan penerjemahan ke dalam bahasa Indonesia, karena penulis beranggapan tidak semua pembaca mengetahui arti kata-kata tersebut.

Catatan ini dibagi menjadi dua bagian. Catatan 1 memuat kata-kata yang “salah ucap” (su), “salah menggunakan kata” (smk), “penyingkatan kata” (pk), “salah ejaan” (se), “dan dialek” (d). Catatan 2 memuat beberapa kata sulit maupun istilah yang dipakai dalam masyarakat Malang. Kata-kata sulit yang sukar

diterjemahkan atau tidak ada kecocokan dibiarkan begitu saja di dalam penerjemahan dan ditulis miring.

